



Pou Piblikasyon Imedya: 08/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL KÒMANSMAN REYISI GWROUP TRAVAY ANT PLIZYÈ ETA  
SOU ZAM ILEGAL LA**

***Investigasyon lapolis atravè eta a te retire 1,753 zam nan lari depi fòmasyon  
Gwoup Travay la nan fen mwa janvye a***

***Lapolis Eta New York pou kont li deja ogmante investigasyon pou retrase zam a  
75 pousan epi li te double kantite zam yo te sezi yo***

***Gwoup Travay la, Konsòsyòm Ant Plizyè Eta a ak Ajans Fòs Lòd yo atravè eta a  
kontinye rankontre ak pataje enfòmasyon yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te retire 1,753 zam afe nan lari eta a nan de mwa depi [li te konvoke](#) Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Ilegal (Interstate Task Force on Illegal Guns) la - yon ogmantasyon 20 pousan nan kantite total zam yo te sezi akòz ogmantasyon koperasyon ak kominikasyon ki soti nan eta ak nan patenarya rejyonal la. Reprezantan Lapolis Eta New York, Depatman Lapolis Vil New York (NYPD), Biwo sou Alkòl, Tabak ak Zam afe (Bureau of Alcohol Tobacco and Firearms, ATF) federal la ak ajans lapolis yo nan New York, Rhode Island, Connecticut, Vermont, Ohio, Massachusetts, Pennsylvania, New Jersey ak New Hampshire kontinye rasanble ak pataje enfòmasyon pou sispann sikilasyon zam ilegal atravè liy eta yo epi anpeche plis vyolans zam k ap ravaje vil yo atravè peyi a.

"Nou konnen ke nou gen fòs nan chif yo, epi Gwoup Travay Ant Plizyè Eta a sou Zam Ilegal yo rasanble pi gwo konsòsyòm polis rejyonal ki te janm reyini pou konbat fenomèn nasyonal vyolans ak zam sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m anonse Gwoup Travay la deja bay rezilta, ak Lapolis Eta New York, Depatman Lapolis Vil Nouyòk ak ajans lapolis lokal nou yo ki retire plis pase 1,700 zam nan lari pandan twa dènye mwa ki sot pase yo."

"Ak ogmantasyon vyolans ak zam yo te santi atravè nasyon an, se responsabiltè gouvènman an pou li panse pi lwen pase sistèm ak solisyon tipik yo. Pou New York, inovasyon sa a mande de bagay: pataj enfòmasyon rejyonal yo ak devouman fèm nan kad espri ki pi bon ak pi briye bò kote fòs lòd yo ak nan politik piblik la", **Gouvènè Adjwen Benjamin te deklare.** "Mwen fyè de efò Gwoup Travay Ant Plizyè Eta a sou

Zam ilegal nou an te fè depi premye reyinyon nou an nan mwa janvye a. N ap kontinye travay jiskaske chak grenn zam ilegal soti nan lari nou yo."

Apati janvye jiska mas, NYSP deja double kantite zam ke yo sezi epi ogmante kantite investigasyon pou retrace zam a 75 pousan. Depi debi ane a jiska dat, kantite zam Lapolis Eta ak departman lokal yo te sezi atravè eta a.

Estatistik sou Sezi Zam Afe Eta New York soti janvye jiska mas 2022

	JANVYE	FEVRIYE	MAS	TOTAL (YTD)
Zam Afe ke NYSP te Sezi	72	96	150	318
Zam Afe ki pa Sezi pa NYC	269	365	310	944
Zam Afe ke NYC te Sezi	434	370	462	1,266
Kantite Zam Afe Total ki Sezi pa NYS	775	831	922	2,528

NYSP te rekipere 20 zam fantom tou epi li te fè 167 investigasyon pou retrace zam nan twa premye mwa 2022 yo. Soti nan ka sa yo, NYSP te transmèt 35 pis ankèt bay 17 eta kote yo te arete yon rezidan nan eta sa a nan New York pou posesyon ak trafik ilegalman zam afe. Moun yo te jwenn yo ki te nan posesyon yon zam afe ilegal epi ke yo te arete nan New York abite nan Florida, North Carolina, Ohio, Tennessee, Virginia, Texas ak Nevada, pou site sa yo sèlman. Nan pifò ka, yon sèl moun te posede plizyè zam afe

**Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare,** "Retire zam ilegal nan kominote nou yo se yon gwo priyorite, epi gras ak patenarya nou ap devlope ak lòt ajans fòs yo, nou ap wè pwogrè imedyà. Mwen kwè ke nou te sèlman fè yon ti kras nan sa nou ka akonpli. Travay nou an ap kontinye san rete, e mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li ak patnè lokal, federal ak eta nou yo pou angajman yo nan efò sa a."

**Ajan Espesyal Responsab pou Biwo Alkòl, Tabak, Zam Afe ak Eksplozif la, John Devito te deklare,** "Lidèchip aktif ak inovan Gov Hochul se jis kalite panse nou bezwen pou adrese vyolans ak zam nan kominote nou yo. ATF ap kontinye sipòte ak ranfòse kolaborasyon kontinyèl ni isit la ak atravè nasyon an pou sipòte inisyativ sa yo."

Mwa pase a, rezo 10 Sant Analiz Kriminalite ki rekonèt nasyonanman nan Eta New York te lanse tablodbò sou ransèyman sou zam afe nan chak sant. Kounye a, tablodbò sa yo founi yon zouti enpòtan pou pataje ak vizyalize done nan tout eta a sou fiziyad, zam yo rekipere, arestasyon pou enfraksyon ki gen rapò ak zam afe, ak enfòmasyon pou retrace zam afe ki soti nan ATF la. Enfòmasyon sa yo pataje pami plis pase 350 ajans fòs lòd eta ak lokal ki patisipe nan rezo a epi ki enfòmè politik ak estrateji investigasyon pa yo pou retire zam nan lari epi rezoud gwo krim yo. Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services) ak ajans fòs lòd lokal yo sipòte ak finanse rezo eta a.

NYSP ap bay 10 Sant yo enfòmasyon sou retrasaj federal yo chak semèn pou yo mete nan tablodbò pa yo. Pataj enfòmasyon sa a te kòmanse pou amelyore investigasyon lokal yo, epi li mennen nan devlopman plizyè sib trafik zam afe pou entèdiksyon ak pouswit.

Tablodbò pou ransèyman zam afe sa yo se yon eleman kle nan pwopozisyon politik Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 Gouvènè Kathy Hochul la pou ogmante finansman soti 8.1 milyon dola rive 15 milyon dola pou rezo CAC a epi pou etabli kapasite ki dedye pou ransèyman zam afe nan chak sant. Kounye a Sant yo nan pwosesis pou gen ekipman pou retrase zam afe ak balistik pou pèmèt ajans fòs lòd yo kolekte, trete, ak analize prèv yo rapidman pou rezoud ak anpeche krim vyolan ki enplike zam afe, epi ajoute yon resous enpòtan pou sipòte efò Eta a pou rediksyon vyolans ki enplike zam.

Nan dat 2 mas, NYSP te òganize yon reyinyon entè eta kote reprezantan ATF, Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la, DCJS, asosyasyon chèf ak cherif nan tout eta a yo, pwokirè konte yo, NYPD, ak Biwo Pwokirè Ameriken yo te patisipe. Nan dat 24 mas, dezyèm reyinyon Konsòsyòm Entè Eta a te òganize pa ATF nan Boston, epi yo pwograme reyinyon alavni yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418